

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Nulis nya éta kagiatan tinulis anu maké alat pikeun ngageratkeun kekecapanana bisa dina kertas, batu, dangdaunan, jsté. Maké alat biasana tina pulpén, peso pangot, patlot, kapur, jrrd. Kagiatan nulis mangrupa kaparigelan manusa dina kahirupanna saanggeus kaparigelan maca. Nurutkeun KBBI *offline* v.3 nulis nya éta “kagiatan tinulis anu nyeratkeun kekecapan, angka tur nu séjénna ku cara maké pulpén, patlot, atawa alat séjén anu hasilna bisa kabaca”. Rahman (2006: 2) nétélakeun yén “nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu dibutuhkeun pikeun ngaronjatkeun literasi pangajaran dimimitian ti SD nepi ka mahasiswa”. Tarigan (Nurjanah, 2009: 1) nétélakeun yén “nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi”. Ku kituna, kagiatan tinulis penting pisan pikeun kahirupan manusa. Ku ayana kagiatan tinulis manusa bisa ngébréhkeun pikiranna ku cara ditulis dina kertas atawa dangdaunan maké alat nu tangtu ogé pikeun alas nulisna.

Kagiatan tinulis penting pisan pikeun kahirupan kiwari, ditingali tina aspék sajarah jaman baheula. Ku ayana tulisan-tulisan jaman baheula, manusa jaman kiwari bisa wanoh kana sajarahna, asal usul bangsana, jeung tata titi kabudayaanana ku cara nalungtik tulisan-tulisan jaman baheula.

Tulisan jaman baheula teu sarua jeung tulisan jaman kiwari anu dipaké ku urang Sunda. Tulisan anu dipaké ku masarakat ayeuna nya éta tulisan ti asal bangsa deungeun, lantaran jaman baheula bangsa urang mangratus-ratus taun dijajah ku bangsa deungeun. Anu antukna tulisan asli bangsa urang ogé nya éta aksara Sunda dijajah tur diganti ku tulisan bangsa-bangsa deungeun sangkan

Elsi Juliar, 2013

Kaéféktifan Modél Make- A Match Jeung Modél Explicit Intruction Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

leuwih kaharti. Aksara Sunda geus teu dipikawanoh ku nonoman-nonoman Sunda, ku sabab sapopoéna nulis ku aksara Latén.

Budaya tinulis Urang Sunda geus aya ti mimiti abad ka-5 mula. Tapi budaya tinulis urang Sunda kaguarna ti abad 15. Ieu hal katitén tina ayana naskah-naskah Sunda Kuno anu ditétélakeun ku Suryani (2011:1):

Naskah-naskah Sunda kuno anu ngagunakeun lontar atawa daun kiray nu geus digarap, umumna asal-muasalna ti abad 15- 16 M, sakumaha anu geus disebutkeun saméméhna, kayaning: Carita Parahyangan, Sanghyang Siksa Kandang Karesian, Amanat ti Galunggung, jeung sajabana.

Ti abad 15 M Sunda geus wanoh kana aksara, nya éta aksara Sunda. Tapi Aksara Sunda anu ayeuna digunakeun tur diwanohkeun ka tiap-tiap sakola henteu sarupa jeung anu dipaké ti abad 15M. Aksara Sunda anu ayeuna geus kapangaruhan ku aksara Jawa anu disebut Cacarakan. Aksara Sunda anu dipaké pikeun nulis naskah-naskah kuno disebut aksara Sunda Kuno. Aksara Sunda ayeuna mah geus rada dimodifikasi. Aksara Sunda anu ayeuna anu kudu diwanohkeun ka parasiswa di unggal sakola, sanajan lain aksara Sunda anu dipaké pikeun nulis naskah-naskah jaman harita, minimal budak wanoh kana séké sélér budayana yén urang Sunda ogé boga aksara anu mandiri. Aksara Sunda pohara pentingna pikeun diwanohkeun ka nonoman-nonoman ayeuna, sangkan nonoman Sunda teu mohokeun kana cicirén bangsana, wauh, apal tur bisa ngalarapkeun deui aksara Sunda di kahirupan sabudeureunana.

Dina SKKD nulis mangrupa kaparigelan sanggeus kaparigelan maca. Ditilik tina SKKD mata pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda, nulis aksara Sunda nya éta kamampuh anu kudu dihontal ku siswa kelas X SMA/SMK/MA. Loba pisan bangbaluh nalika diajar tinulis aksara Sunda di sakola nya éta; kahiji, siswa kurang aktif dina muserkeun panitén, ku sabab nalika guru ngajéntrékeun pangajaran aksara Sunda, guru kurang rancagé dina milih modélna, anu antukna diajar jadi kurang éféktif; Kadua, siswa teu bisa ngabédakeun jenis aksara Sunda

Elsi Juliar, 2013

Kaéféktifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran

Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

anu baris dipedar;. Katilu, kurang gawé bareng guru jeung siswa nalika diajar; Kaopat, kurangna fasilitas anu nyumponan pikeun jadi fasilitator salila pangajaran lumangsung. Ku kituna, pikeun ngaréngsikeun masalah di luhur, baris dipedar cara pikeun ngungkulan pasualan anu aya dina pangajaran nulis aksara Sunda

Anapon panalungtikan anu séjén ngabahas ngeunaan éféktif atawa henteuna modél pangajaran x jeung modél pangajaran y pikeun bahan pangajaran anu tangtu, kitu ogé panalungtikan anu ayeuna baris dipedar. Ieu panalungtikan ngabahas naon anu jadi kahéngkérana tur kaonjoyanna dina ngabandingkeun dua modél pangajaran sangkan ngirut karep siswa pikeun diajar.

Pangajaran A can tangtu luyu jeung modél pangajaran B atawa C ku sabab situasi jeung tujuan dina prosés diajar robah, kitu ogé cara ngajarna kudu béda deui. Dina pangajaran nulis aksara Sunda, guru salaku pendidik kudu bisa milih modél mana anu cocog pikeun dilarapkeun kana pangajaran aksara Sunda. Bisa jadi modél anu dipilih can tangtu ngirut karep siswa. Guru kudu bisa ngaluyukeun pangajaran anu tangtu jeung modél anu tangtu ogé.

Tapi henteu ngan modél pangajaran hungkul anu jadi cecepeangan guru dina ngaping siswana, cara guru ngadidik sangkan siswana ngarti kana pangajaran anu keur diajarkeunna oge kudu dijadikeun cecepeangan ku guru. Sanajan éta guru maké modél pangajaran anu hadé tur *efisien*, tapi lamun cara nepikeun pangajaranna kurang rancangé, bisa jadi pasualan héngkérna siswa dina nyangkem pangajaran. Ieu hal luyu jeung UU No. 14 taun 2005 pasal 1 ayat kahiji ngeunaan Guru jeung Dosen nya éta:

Guru adalah pendidik profesional dengan tugas utama mendidik, mengajar, membimbing, mengarahkan, melatih, menilai, dan mengevaluasi peserta didik pada pendidikan anak usia dini jalur pendidikan formal, pendidikan dasar, dan pendidikan menengah.

Guru anu kurang rancangé dina milih modél jeung cara nepikeun pangajaran, tangtu hasil diajarna ogé kurang. Sabab élmu anu ditepikeun ku guru ka siswa teu éféktif. Guru kudu bisa ngawasa kelas, boh éta muridna boh pangajaranna. Kitu ogé dina ngawasa modél-modél pangajaran. Ayana modél pangajaran nya éta

Elsi Juliar, 2013

Kaéféktifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruuction Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

sangkan dina nepikeun pangajaran guru bisa ngawasa bahan pangajaranna, murid bisa leuwih paham jeung nyangkem kana tiori-tiori pangajaran tur bisa ngalarapkeun éta pangajaran dina kahirupan sapopoéna. Kemp dina Rahman (2007:7) nétélakeun yén:

Modél pangajaran nya éta mangrupa perencanaan pembelajaran anu digunakeun dina nangtukeun maksud sarta tujuan tina tiap topik atawa pokok bahasan, nganalisis kumaha karakter parasiswa, nyusun tujuan instruksional husus, milih eusi pangajaran, ngalakukeun prates, ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar, ngayakeun dukungan pelayanan, ngalaksanakeun évaluasi sarta nyieun révisi.

Nyoko kana katerangan di luhur, perlu panalungtikan ngeunaan modél diajar ngajar mana anu luyu kana tujuan diajar ngajar. Tangtuna dua modél pangajaran anu tadi henteu saujuratna alus pikeun pangajaran nulis aksara Sunda. Dina ieu panalungtikan nu nyusun ngarasa dua modél tadi cocog pikeun pangajaran nulis aksara Sunda anu butuh karancagéan guruna pikeun diajar-ngajar ka para siswa sangkan para siswa bisa nulis jeung nyangkem kana naon anu diajarkeun.

Dina panalungtikan saméméhna, geus aya nu nalungtik ngeunaan pangajaran nulis aksara Sunda, nya éta Acep Deri Cahyadi “Modél *Explicit Intruction* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011)”. Yén nulis aksara Sunda maké modél *Explicit Intruction* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa kelas X-1 kalayan maké métode PTK. Dina ieu panalungtikan miboga bébédaan jeung panalungtikan anu saacanna nya éta ieu panalungtikan medar modél mana anu alus pikeun ngalarapkeun pangajaran nulis aksara Sunda. Modél anu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X ku cara ngabandingkeun dua modél, nya éta modél *Make-A Match* jeung modél *Explicit Intruction*. Ku kituna ieu panalungtikan dilaksanakeun kalayan ngabandingkeun modél mana anu leuwih ngirut kana karep siswa nalika diajar nulis aksara Sunda.

Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Sakumaha anu diébréhkeun diluhur kumaha guru milih modél pangajaran anu luyu jeung bahan pangajaranna sangkan para siswa ngirut kana bahan pangajaranna. Ku kituna, nu nyusun baris medar ngeunaan modél *Make-A Match* jeung modél *Explicit Intruction* anu bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan henteu lega teuing ambahanna, masalah anu ditalungtik tangtuna ogé kudu diwatesanan. Kukituna, ngawatesanan saukur ngabandingkeun modél pangajaran mana anu leuwih ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda, ngagunakeun modél pangajaran *Make-A Match* atawa modél pangajaran *Explicit Intruction*. Jadi, udagan tina ieu panalungtikan nya éta éféktif atawa henteuna modél pangajaran *Make-A Match* jeung modél pangajaran *Explicit Intruction* pikeun pangajaran nulis aksara Sunda. Ieu modél dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh para siswana dina nyangkem pangajaran nulis aksara Sunda. Anapon aksara Sunda anu dipaké pikeun bahan pangajaran nya éta aksara Sunda anu geus disusun tur dijadikeun aksara *Unicode* ku para ahli anu disebut aksara Sunda Kaganga.

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang panalungtikan masalah anu jadi udagan dina ieu panalungtikan, rumusan masalah rumuskeun dina kalimah pananya:

- a. kumaha hasil diajar nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Make-A Match*?
- b. kumaha hasil diajar nulis Aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction*?
- c. kumaha babandingan hasil diajar nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Make-A Match* jeung modél pangajaran *Explicit Intruction* ?

Elsi Juliar, 2013

Kaéféktifan Modél *Make- A Match* Jeung Model *Explicit Intruction* Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- d. leuwih éféktif mana antara modél pangajaran *Make-A Match* jeung modél *Explicit Intruction* dina pangajaran nulis aksara Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngungkulan masalah-masalah anu aya dina pangajaran nulis aksara Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadeskripsikeun:

- hasil diajar nulis aksara Sunda anu ngagunakeun modél pangajaran *Make-A Match*;
- hasil diajar aksara Sunda anu ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction*;
- babandingan hasil diajar nulis aksara Sunda anu ngagunakeun modél pangajaran *Make-A Match* jeung modél pangajaran *Explicit Intruction*;
- éféktif henteuna modél *Make-A Match* atawa modél pangajaran *Explicit Intruction* pikeun pangajaran nulis aksara Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, hususna pikeun nu nyusun, umumna pikeun masarakat, lembaga, sarta pihak-pihak séjén nu boga kapentingan kana ieu hasil panalungtikan. Mangpaat nu dipiharep dibagi jadi dua bagian nya éta mangpaat tioritis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun nambahan jeung ngeuyeuban tiori modél *Make-A Match* jeung modél *Explicit Intruction*, sarta méré informasi ngeunaan éféktivitas anu digunakeun dina proses pangajaran nulis

Elsi Juliar, 2013

Kaéféktifan Modél *Make-A Match* Jeung Model *Explicit Intruction* Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

aksara Sunda kaganga ngaliwatan modél pangajaran *Make-A Match* jeung modél pangajaran *Explicit Intruction*.

1.4.2 Mangpaat Praktis

mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- a. pikeun siswa : dipihareup leuwih daria tur leuwih maham kana materi pangajaran;
- b. pikeun guru : nambahan kaparigelan guru pikeun nepikeun materi pangajaran jeung guru dipikaresep ku murid lantaran ngajarna teu matak bosen.
- c. pikeun sakola: dipiharep bisa ngeuyeuban tiori jeung pangaweruh kana modél pangajaran *Make-A Match* jeung modél pangajaran *Explicit Intruction* dina pangajaran nulis aksara Sunda baku.
- d. pikeun masarakat : dipiharep bisa leuwih daria dina ngungkulan masalah anu aya disabudeureunna.

Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



Elsi Juliar, 2013

Kaéféktifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran
Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar
2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu